

Kisa pou w fè pou Blesi nan Bouch

Blesi nan bouch ka yon efè segondè komen nan tretman kansè. Ou ka gen doulè oswa ti koupe oswa ilsè. Blesi sa yo ka vin enfekte epi senyen. Yo souvan vin pi mal avèk le tan ak anpil doulè. Yo ka fè li difisil pou w manje, vale, bwè, oswa menm pale.



Kisa ki lakòz blesi nan bouch kay moun ki gen kansè?

Blesi nan bouch ka koze pa chimyoterapi, terapi medikaman sible, kèk iminoterapi, ak tretman radyasyon nan zòn tèt ak kou w.

Lòt bagay tou kapab lakòz blesi nan bouch, tankou:

- Enfeksyon
- Dezidratasyon
- Move swen bouch
- Alkòl oswa itilizasyon tabak
- Mank sèten vitamin oswa pwoteyin



Ak kisa maladi bouch yo sanble?

Blesi nan bouch ka sanble ak ti anpoul, fisi, oswa ilsè. Yo ka wouj oswa gen ti plak blanch nan mitan yo. Blesi sa yo ka bay anpil doulè oswa fè mal lè w ap moulèn. Yo ka senyen oswa vin enfekte. Gen kèk ki ka fè w santi w tankou ou gen yon mal gòj.

Blesi nan bouch ka lakòz sentòm sa yo:

- Ti ilsè, anfleman, oswa senyen nan bouch, sou jansiv, oswa sou oubyen anba lang lan
- Yon plak, tach, oswa pij blanch oswa jòn nan bouch la oswa sou lang lan
- Plis dlo nan bouch pase nòmal
- Yon santiman sechrès, brile, oswa doulè lè w ap manje manje cho ak frèt



Kijan yo trete blesi nan bouch?

Plis rechèch nesèsè pou jwenn pi bon tretman pou blesi ak doulè nan bouch.

Bon swen ak rens bouch itil pou pifò moun. Pou lòt moun, diminye dòz tretman, kriyoterapi, oswa terapi lazè ka diminye risk blesi nan bouch oswa ede nan gerizon. Medikaman kapab itilize tou pou ede anpeche oswa jere blesi nan bouch.



Èske w ka ede tet ou nan evite blesi nan bouch?

Egzamen dantè anvan tretman, e sitou anvan tèt ak kou terapi radyasyon, ka ede anpeche ak diminye blesi nan bouch. Dantis yo ka montre w kijan pou w pran swen bouch ou. Yo ka trete tou kavite oswa enfeksyon nan bouch ou anvan tretman kansè an kòmanse. Li enpòtan pou pale ak ekip swen kansè w konsènan pi bon tretman pou sitiasyon w.

Bon swen bouch ka ede diminye risk pou blesi nan bouch. Li ka ede tou nan evite blesi bouch vin pi mal. Sèvi ak yon bwòs dan mou ka ede kenbe bouch ou pwòp epi diminye risk pou blese jansiv ou ak pawa bouch ou.

Kòmanse pran swen bouch ou anvan ou gen blesi. Si w gen blesi, bon swen bouch ka ede li evite enfekte. Fè ekip swen kansè w konnen ki sa ki fè blesi nan bouch ou yo vin pi mal oswa amelyore.



Kisa w ka fè pou ede w jere blesi nan bouch ou?

Pran swen bouch ou:

- Sèvi ak yon rens bouch ke ekip swen kansè w sijere.
- Bwè omwen 8 tas likid chak jou, si ekip swen kansè ou di li OK.
- Gen kèk tip rens ki ka ede kenbe bouch ou pwòp epi ede kalme enkonfò an. Yo ka rekòmande w pou w lave bouch ou avèk antibiyotik oswa estewoyid si blesi nan bouch ou ba w doulè oswa enfekte.
- Mande si li OK pou itilize fil dantè.
- Si ou mete dan pwotèz, yo ka di w pou retire epi netwaye dan pwotèz ou ant repa yo nan yon lè regilye, epi konsève yo nan yon solisyon netwayaj.
- Kenbe lè ou idrate ak pomad petwòleyòm, yon bom lè, oswa bè kakawo.
- Si w gen doulè, pran medikaman doulè w jan yo endike w.

Lè w ap manje:

- Manje manje mou, imid ki fasil pou vale.
- Evite manje manje ki trè sale, pike, oswa ki gen anpil sik.
- Manje ti kantite manje, souvan, ki fèt ak aliman fad, imid, ki pa pike. Pa manje legim kri ak fwi oswa lòt manje ki di, sèk, oswa kwoustiyan, tankou chips oswa pretzels.

- Evite fwi asid ak ji fwi, tankou zoranj, chadèk, ak tomat.
- Yo ka irite bouch la.
- Evite bwè bwason ki gen gaz, alkòl ak tabak.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Pale ak ekip swen kansè w sou chanjman ou remake nan bouch ou.

Di yo si ou:

- Ou gen woujè oswa aspè klere nan bouch ou ki dire plis pase 48 èdtan
- Gen lafyèv (mande ekip swen kansè w la ki tanperati ki lafyèv)
- Gen senyen nan bouch ou
- Remake nenpòt tip koupe oswa blesi nan bouch ou
- Gen tach blanch sou lang ou oswa andedan bouch ou
- Gen pwoblèm pou manje manje oswa bwè likid pandan 2 jou
- Gen pwoblèm pou w pran medikaman w akòz blesi nan bouch ou



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè w bezwen nou.